


Yon prensip jesyon Simen



“Li posib pou fè kado epi vin pi rich! Li posib tou pou twò akchèk epi pèdi tout bagay. Wi, yon nèg liberal va rich! Lè w fè lèzòt byen se pwòp tèt ou w fè byen.” Pwovèb 11:24-25

By John E. Schrock,

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Nan tout sosyete gen venkè epi gen pèdan. Nan majorite ka, diferans la se nan valè ak prensip nou chwazi pou nou swiv. Pwovèb la deklare, “Li posib pou fè kado epi vin pi rich!”, ki vle di sa depann de nou pou nou vin pi rich oswa pi pòv. Balans se nan ki mezi nou atache a lajan nou, lide nou, rèv nou, oswa itilize sa Bondye ban-nou pou nou nourri oubyen beni lèzòt.

Prensip sa a se youn ki sanble lekòtrè jenerasyon nou an, kote nou plis konsène pa pwòp dwa ak tit nou. Nou vle se nou ki pou resevwa tout bagay pase nou se yon benediksyon pou lèzòt. Prensip plante sa a vreman komen nan wayòm Bondye e t a dwe vin komen pou noutout, paske nan majorite ka se sa ki fè diferans ant genyen epi pèdi. Fason Bondye ap toujou fonksyone; Li te fè yo pou te kapab dirije nou ansanm ak sosyete nou a. Yo kapab pa toujou pwodui rekonpans touswit, men yo va toujou genyen alafen.

Prensip simen sa a se yon pati nan lwa absoli Bondye te mete nan moman kreyasyon an. Rekòlt toujou swiv semay ki se sa w rekòlte lè w simen. Lwa sa a deja etabli pa Bondye e nou pa kapab vyole l san nou pa fè pèt. Si nou simen piti nou va rekòlte piti. Seyè nou te di, “Jan nou sèvi ak lèzòt (simen), konsa lèzòt va sèvi ak nou..” Ge-

nyen 2 bagay Bondye pa kapab beni, se laparèsak avaris. Laparès va anpeche nou plante, simen ak wouze; avaris va lakòz nou atache a lajan nou, lide nou ki te fèt pou investi nan lèzòt pou lavni. Lajan ak lide se semans ki t a dwe plante oswa simen nan lèzòt. Sa va pote rekonpans pou nou epi yon bon lavni.

Bondye se yon pansè ki gen estrateji. Li vle nou menmjan. Li vle nou konprann si nou twò akchèk nou va sòti pèdan. Nèg ki liberal (jenere) va vin rich paske li pa pè bay sibstans li, tan li ak talan li. Fokis li se wouze ak kiltive sa l te simen. Kèlkeswa sa nou plante oswa nou simen, nou p ap rekòlte ak abondans si nou pa kiltive epi wouze toutan. Wouze vle di jere epi nourri moun, pwodui ak lide nou te simen. Bay yon moun lajan se yon bagay, men swiv oswa okipe investisman w fè se yon lòt bagay. Nou pa t a dwe bay epi vire do nou. Nou t a dwe bay epi okipe

don nou fè pou bali valè. Nou t a dwe simen ak lespwa. Lè nou fè lèzòt byen se pwòp tèt nou nou fè byen—lè nou ede lèzòt pwogrese, nou ede pwòp tèt nou. Lè nou itilize sa nou genyen oswa bay lèzòt li, nou kreye espas pou nou resevwa plis. Yon ja ki deja plen pa bezwen yo plen l. Se pou sa pwovèb la di nou gendwa fè kado epi vin pi rich, men si nou genbe sa nou t a dwe fè kado, nou kapab pèdi tout bagay. Aprann bay (simen) devlope yon atitid jenewoziteki va lakòz moun nou ede va ede nou anretou. Simen ak jenewozite—sa vo lapenn! Eseye simen yon souri bay toutmoun epi wè kisa w va jwenn anretou.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Si w pa renmen sa w ap rekòlte, se t a yon bon lide pou koumanse plante yon lòt bagay.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete